

## Konprann Nouvo Règleman Enskripsyon an

### Kisa Enskripsyon an ye?

Administrasyon Trump (Trump Administration) lan te relanse yon lwa 1940 ki egzije pou moun ki pa sitwayen yo anrejistre tèt yo bò kote gouvènman federal la. Malgre gen yon kontestasyon nan tribinal ki annatant, règleman yo te antre an aplikasyon 11 Avril 2025, sa ki kreye yon egzijans pou tout moun ki pa sitwayen ki prezan Ozetazini (US) pandan 30 jou oswa plis, pou yo anrejistre yo.

### Ki moun yo konsidere kòm deja anrejistre?

Gen anpil moun ki pa sitwayen ki deja Ozetazini (US) yo konsidere kòm deja anrejistre, e se poutèt sa yo pa oblije ranpli nouvo fòm anrejistreman an. Tablo ki anba a bay enfòmasyon sou kategori moun yo konsidere kòm deja anrejistre, ak dokiman yo genyen ki konsidere kòm prèv anrejistreman:

| Gwoup                                                                                                                                                                                                                       | Prèv Anrejistreman                                                                                                                                                             |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Rezidan Pèmanan Legal<br>( <i>Lawful Permanent Residents</i> )                                                                                                                                                              | Kat Vèt oswa tenb I-551                                                                                                                                                        |
| Moun ki gen Libète Kondisyonèl (Parolees)<br>(ki antre sou libète kondisyonèl, enkli atravè<br>CBP One, CHNV, U4U, oswa lòt pwogram)<br><b>menm si estati libète kondisyonèl la ekspire<br/>oswa yo te mete fen nan li.</b> | Fòm I-94 (Ou ka itilize <a href="#">sitwèb I-94 la</a> pou<br>jwenn dosye yo)                                                                                                  |
| Moun ki te antre ak yon viza non-imigran ki<br>valab (tankou vizite, etidyan, travayè tanporè)<br><b>menm si yo depase tan yo te otorize a.</b>                                                                             | Fòm I-94 (Ou ka itilize <a href="#">sitwèb I-94 la</a> pou<br>jwenn dosye yo)                                                                                                  |
| Moun yo bay pèmi travay ( <i>work permits</i> ) (nan<br>nenpòt kategori)                                                                                                                                                    | Pèmi Travay / Dokiman Otorizasyon Travay<br>( <i>work permit / employment authorization<br/>document</i> )                                                                     |
| Moun ki nan Pwosedi nan Tribinal Imigrasyon<br>( <i>Immigration Court</i> )                                                                                                                                                 | Avi pou Konparèt (Notice to Appear) (Fòm<br>I-862). Lòd pou Bay Prèv Rezon ak Avi<br>Odyans (Order to Show Cause and Notice of<br>Hearing) (Fòm I-221, pou ka ki pi ansyen yo) |
| Moun ki Depoze yon Aplikasyon I-485 (I-485<br>application) pou Ajisteman Estati epi ki Bay<br>Anprent Dijital yo                                                                                                            | <a href="#">Avi Resi I-485</a> ( <i>I-485 Receipt Notice</i> ) oswa Avi<br>Byometri ( <i>Biometrics Notice</i> )                                                               |

Timoun ki deja anrejistre yo gen yon egzijans pou yo anrejistre tèt yo ankò nan yon delè 30 jou apre 14yèm anivèsè nesans yo epi pou yo bay anprent dijital yo.

**Ki moun ki gen egzijans pou anrejistre yo dapre règleman an?**

Nouvo règleman an egzije pou moun ki pa sitwayen yo anrejistre yo si yo prezan Ozetazini (US) pandan 30 jou oswa plis epi yo poko anrejistre (gade pi wo a pou lis moun ki pa sitwayen yo konsidere kòm deja anrejistre). Pa gen limit laj pou egzijans anrejistremman an. Paran yo sipoze anrejistre pitit yo ki poko gen 14 an. Timoun ki fè 14 an, yo sipoze anrejistre tèt yo ankò nan yon delè 30 jou apre 14yèm anivèsè nesans yo.

**Kijan yon moun anrejistre?**

Anrejistremman fèt lè yon moun soumèt yon fòm (Form G-325R) anliy atravè kont pèsònèl USCIS anliy moun nan ([www.myaccount.uscis.gov](http://www.myaccount.uscis.gov)). Fòm anrejistremman an kolekte anpil enfòmasyon pèsònèl, tankou:

- Adrès ak enfòmasyon kontak
- Kote nesans
- Kilè ak kijan ou te antre Ozetazini
- Aktivite ou fè pandan ou Ozetazini
- Konbyen tan ou planifye rete Ozetazini
- Nenpòt dosye kriminel ou genyen
- Enfòmasyon sou konjwen ou ak paran ou

Apre yon moun fin ranpli fòm nan, y ap fikse yon randevou byometri pou pran foto moun nan ak anprent dijital li. Apre randevou byometri a, dokiman "Prèv Anrejistremman Etranje" ("Proof of Alien Registration") a ap afiche sou kont USCIS anliy moun nan.ss

**Ki moun ki dwe pote prèv anrejistremman an sou yo?**

Lwa federal la di tout moun ki pa sitwayen ki gen 18 an oswa plis dwe pote prèv anrejistremman an sou yo toutan. Si yon moun pa fè sa, sa ka lakòz akizasyon kriminel. Prèv anrejistremman an kapab dokiman ki montre yo konsidere moun nan kòm deja anrejistre (gade seksyon Ki moun yo konsidere kòm deja anrejistre?) oswa prèv anrejistremman yo bay lè moun nan fin depoze Fòm G-325R la.

Anjeneral, moun yo ka chwazi rete an silans epi pa reponn okenn kesyon ajan fòsdelòd (*law enforcement officers*) yo, sof non ak adrès yo si yo kanpe yo pandan y ap kondi yon machin. Moun yo konsidere kòm deja anrejistre yo dwe bay prèv anrejistremman si ajan imigrasyon (*immigration officers*) yo mande yo dokiman espesyalman.

Si yon moun pa pote dokiman sa yo sou li, yo ka akize moun nan pou yon deli federal (*federal misdemeanor*) ki pini avèk yon amann jiska \$5,000 oswa jiska 30 jou prizon, oswa toulède.

### **Ki risk posib ki genyen lè ou anrejistre?**

Administrasyon Trump lan te di klèman ke yo vle itilize anrejistremman kòm yon zouti pou jwenn moun ki Ozetazini san estat legal. Fòm anrejistremman an mande adrès moun nan, epitou enfòmasyon sou kijan ak kilè moun nan te antre Ozetazini, aktivite moun nan pandan yo Ozetazini, ak istwa kriminel moun nan. Otorite imigrasyon yo ka itilize tout enfòmasyon sa yo kont moun nan nan tribinal ak nan lòt pwosedi. Yo ka itilize enfòmasyon sa yo pou jwenn moun nan epi arete moun nan, pou detèmine si moun nan ka rete Ozetazini oswa si yo dwe depòte moun nan, ak/oswa pou akize moun nan nan tribinal kriminel pou antre ilegal Ozetazini, sa ki ka mennen nan yon santans kriminel jiska 6 mwa prizon ak yon amann.

### **Ki risk posib ki genyen lè ou pa anrejistre?**

Si yon moun fè espere pa anrejistre (sa vle di moun nan te konnen yo te sipoze anrejistre epi yo pa t fè l), gouvènman an ka akize moun nan pou yon deli (*misdemeanor crime*), ki pini avèk yon amann jiska \$5,000 OSWA jiska 6 mwa prizon, oswa toulède.

Gen posiblite tou pou yo itilize fayit pou anrejistre a kont moun nan nan nenpòt desizyon diskresyonè (*discretionary decision*) otorite imigrasyon yo pran si, pi devan, moun nan aplike pou yon benefis imigrasyon kèlkonk.

### **Èske mwen ta dwe anrejistre?**

Si yo pa konsidere yon moun kòm deja anrejistre, se moun sa a sèl ki ka deside si l ap konplete pwosesis anrejistremman an. Ou ta dwe konsilte yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans ki ka ede w konprann risk yo nan sikonsans pèsònèl pa w la.